## 6. KOKORO PAKOKOLOT.

Di imah njampak bapana keur ngadjeudjeut djeung indoengna keur ngelèk.

„Bapa!" tjèk Roesdi, „rèk nepi ka kolot bapa beunghar tèh?"

„Teu njao, koemaha kadar baè," djawab bapana. „Naha sija bet nanja kitoe?"

„Poegoeh, tadi aja aki² moesapir, ditoengtoen koe intjoena; meureun tadina mah beunghar tjara oerang, nja bapa!" tjèk Roesdi.

„Hih teu tangtoe!" omong bapana. „Aja noe teu bogati ngangora djeung noe kokoro pakokolot, saperti Ki Asta."

„Asta noe pèrèh kamari ijeu tèja, 'Pa!" tjèk Misnem, „noe ngaririwaan ka oerang?"

„Enja!" djawab bapana. „Manèhna tadina mah kaja leuwih ti oerang, malah leuitna ogè tiloe, parinoeh kabèh."

„Ah! geuning ngan tiloe," tjèk Roesdi, „koe oerang mah boga opat."

„Enja!" djawab bapana, „tapi iroe mah kitoe sotèh, parèna didoewitkeun sawarèh, teu dikaleuitkeun kabèh. Noe matak djadi miskin manèhna rojal teuing, nepi ka teu beukieun kèdju beureum. Basana asa lakatoel, hèsè diteureujna. Ari kana laoek katjida beukina, embi sahidji mah ngan kapakè dahar sorè-isoek."

„Saperti kaka kana sampeu meureun, nja bapa?" tjèk Misnem.

Si Roesdi molototan ka Misnem bari njarèkan: „Moe ngadjedog sija! Oelah ngetjewis baè, da awèwè."

„Na' kaka baharian teuing, kitoe² baè make ambek," djawab Misnem.

„Karèpèh atoeh," tjèk bapana. „sija mah djeung

dueher tèh pasèja baè, pamali, matak padjaoeh boema. Kapan aing keur njaritakeun Ki Asta."

„Hèg atoeh, bapa, toeloejkeun, koe oeing didèngèkeun," omong Roesdi. Ti dinja pok bapana njarita deui:

„Ari beungharna lain meunang hèsè tjapè sorangan, tapi titinggal kolotna, noe matak sakitoe lalaworanana kana doewit. Lila" bandana bèjak didjoewalan, dipakè ngadjoedjoer napsoe, da manèhna ngedoel, teu daèk noeloejkeun pagawèan bapana. Sawahna noe welasan baoe ogè bèjak, ten njèsa sakotak-kotak atjan, didjoewalan. Njakitoe deui roemah-tanggana didjoewal ka hadji Hoesèn, toeloej meuli deui imah leutik. Ari doewit sèsana ditoengtoet dibakan. Beuki lila manèhna beuki miskin, loba pisan kahajangna noe teu kalakonan. Toengtoengna, lila bawaning nalangsa, hroek bae manèhna gering, bos paèè."

„Karoenja, nja bapa!" tjèk Roesdi.

„Heueuh, noe matak sija oelah sok gemboel teuing barang bakan, bisi kawas 'Pa Asta," tèmbal bapana.

## 7. PAPASTÈN.

„Atoeh bapa mah mowal enja djadi malarat, da ïara mindeng meunpitan ombè," tjèk Misnem.

„Hih, lain koe laniaran kitoe baè noe matak malarat tèh, aja ogè anoe dikersakeun koe Goesti Allah, saperti Bapa Salmah, oerang dèsa Pasirmalang.

Asalna manèhna beunghar pisan, pagawèanana dagang barang warna", malah di lemboer èta mah, pangbeungharna baè, euweuh noe ngoengkoelan.

Ari noe matak djadi beunghar, lain titinggal kolotna, èstoe beunang ladang kèsangna sorangan baè."

„Har! mowal enja aja beunghar ladang kèsang!" tjèk Roesdi.

„Ih, ari sija, diseboet beunghar ladang kèsang soeh, lain kèsangna anoe didagangkeun, ngan manèhna digawé satemen-temenna, soepaja tjoekoep sandang-pangannana. Geura koe bapa rèk ditjaritakeun ti asalna.

Waktoe manèhna oemoer sapoeloeh taoen, geus katinggal maot koe kolotna. Hadèna baè manèhna boga paman, toekang barang di dajeuh. Atoeh toeloej dikoekoet koe pamanna, sarta disakolakeun. Kira² oemoerna lima welas taoen, kaloear ti sakolana.



Ti dinja koe pamanna diwarah dagang. Koelantaran soehoed sarta bageur, nepi ka dipertjaja noenggoean dagangan sorangan, oepama pamanna keur njaba tèh.

Oenggal² powé pasar koe pamanna sok dibèrè doewit, pokna bisi aja kabajang.

Tapi èta doewit koe manèhna lain dibeulikeun, anggoer sok ditjèngtjèlèngankeun.

Kira² oemoerna doewa poeloeh taoen, tjèngtjèlèngan tèh dibobok, bet geus loba, geus aja sakalieun modal dagang barang leuleutikan.

Ti dinja toeloej manèhna pindah ti patempatanna, njéwa imah leutik sisi djalan sarta toeloej dagang.

Mimitina mah loeloesnajanan baè, tapi lila² dagangana beuki loba, malah ngoengkoelan batoerna. Toengtoengna djadi noe pangbeungharna di nagara éta.

Tapi dina hidji peuting, keur waktoe sararè tibra, aja noe kahoeroean deukeut ka imah bapa Saimah. Kanjahoan sotèh imahna geus mèh bèjak kadoeroek. Atoeh sawarèh toeloengeunana, bandana djeung doewitna bèjak kabèh. Ti semet harita manèhna djadi malarat, nepi ka ajeuna . . . ."

„Tah koemaha ari kitoe?" tjèk 'Pa Roesdi.

„Enja, koemaha atoeh, nja emang?" djawab Roesdi.

„Hih! ari sija, bet palijas teuing oerang mah nepi ka kitoe, anggoer oenedo ka Pangéran, moega² sing loeloes rahajoe djeung oelah pinanggih balai saoemoer hiroep."

## 8. NGAMANDIAN KOEDA.

Dina hidji powè, pinsoekaneun pakansi, Roesdi djeung sobatna ngaran Hoesèn tèja, bareng baralik ti sakola, sadjalan-djalan barudami, isoekan rèk aroelin.

„Ka mana oerang isoekan nja oelin, 'Sèn?" tjeuk Roesdi.

„Isoek-isoek oerang miloe ngamandian koeda heula, nja Roesdi," omong Hoesèn. „Geura resep naker!"

„Ari gens ngamandian koeda, ka mana deui nju oelin?"

„Ah, kumaha isoek baè," tèmbal Hoesèn.

Barang geus narepi ka lemboerna, toeloej baralik ka imah-imahna.

Tjatoerkeun isoekna, Hoesèn geus datang njampeur Roesdi rèk ngamandian koeda tèja.

„Mana koeda silaing, 'Sèn?" tjeuk Roesdi.

„Geus dibawa ka tjai koe pangarit," tèmbal Hoesèn.

„'Kè atoeh koeda dèwèk ogè rèk sina dibawa koe badega."

Koedana geus dikaloewarkeun ti gedogan, ditoengtoen ka walungan.

Roesdi djeung Hoesèn ngariringkeun pandeuri.

„Èdas! Aloes pisan koeda silaing mah, 'Di!" tjeuk Hoesèn.

„Poegoeh baè, euj," tèmbal Roesdi. „Koeda silaing saroewa gedèna djeung noe dèwèk, 'Sèn?"

„Ah, leutik noe dèwèk mah, saluhandapeun noe silaing," tjeuk Hoesèn, „ngan garangna, taksiran dèwèk, saroewa."

Barang nepi ka tjai, broes dimarandian digebeg, dikosok koe djoekoet garing bennang mintel².

„Oerang taroeraakeun koedana hajue, bari dimandian," tjeuk Hoesèn. „Pèk silaing heula, 'Di."

Tjlak Roesdi toemplak koedana noe keur dimandian tèja.

„Èdas! Silaing mah bisaan, 'Di!" tjeuk Hoesèn.

„Poegoeh baè, 'Sèn!" tèmbal Roesdi.

Bari ngomong kitoe koedana dipeepeuh boedjoerna koe Hoesèn.

Koedana ngadjèrètè, toeloej landjat ka darat, loempat mapaj-mapaj sisi waloengan.

Roesdi gegeroan bari moentang kana soesoerina: „Toeloeng! toeloeng!"

Hoesèn djeung badègana laloempatan, megat bareupeunana; kaboeroeun koedana katjerek.



„Ah, sija mah gagaoeh, 'Sèn! Koemaha lamoen dèwèk ragrag?" omong Roesdi.

„Wah, mowal enja silaing ragrag, apan dèwèk ogè njaho, jèn silaing mah djoki noe geus mashoer tèja.

„Hah! hah! hah! hah!" Roesdi seuseurian iroengna wani kemboeng² baè.

Geus beresih dimarandianana, toeloej ditaroengtoen koe badèga-badègana dileumpangkeun bari ditaroempakan koe baroedak tèja.

Datang ka imahna, toeloej diasoepkeun ka saistal-saistalna. Roesdi djeung Hoesèn toeloej aroelin.

## 9. NJARIJEUN SOELING.

Roesdi djeung Hoesèn, sanggeus ngamandian koeda tèja, lila pisan areureunan di saoeng ranggon, gigireun imahna. Keur areureun, Roesdi njarita ka Hoesèn, jèn kamari aja aki-aki djadjaloek, ditoengtoen koe intjna.

„Euh! noe nabeuh soeling tèja, 'Di!" omong Hoesèn.

„Enja!" tèmbal Roesdi.

„Tjik oerang noeroetan njoeling, 'Di!" tjeuk Hoesèn, „silaing boga soelingna?"

„Teu boga, dèwèk mah!" tèmbal Roesdi, „da tara djadjaloek."

„Hiih! atoeh lain toekang djadjaloek baè, noe sok bogaeun soeling mah," omong Hoesèn.

„Bisi silaing teu njaho, ari soeling tèh tatabeuhan, malah ari panajagan narabeuh ogè sok aja noe nabeuh soeling."

„Naha silaing bisa njoeling, Hoesèn?"

„Poegoeh baè bisa mah, 'Di! Geura bajoe oerang njarijeun soelingna, engkè silaing diadjar njoeling koe dèwèk," tjeuk Hoesèn.

Djoet Roesdi djeung Hoesèn taroeroen tina saoeng ranggon, marawa pèso ka kebon awi rèk narèjangan tamijang noe aloes pisoelingeun.

Sanggeus mareunang tamijangna, toeloej dibarawa deui ka saoeng.

Lila pisan Roesdi djeung Hoesèn tingdarekoel njarijeun soeling. Barang geus aranggeus, pèk ditarabeuh. Roesdi nabeuhna ngan toewat-toejot baè soarana, malah sakapeung mah tara hareus-hareus atjan. Henteu kawas Hoesèn geloksolik, lagoe bèlèndèrna, kakatjangan djeung gawil.

koesai aja djenna diadjarna njoeling tèh, ajekelna djeung njoepna kenki bener, noeroetan tjara si Hoesèn. Ajeuna mah lagoena lain toewat-tèjot baè, aja ogè tambahna. Kijeu lagoena soeling Roesdi: tèjot-tèjot, toewat-toewit, toewat-toewit, toewat-toewit....

„Ah! naha njoeling tèh teu oeni teuing, 'Di!" tjeuk Hoesèn.



„Teu oemoem teu oeni, 'Sèn!" tèmbal Roesdi. „Koe sikoeng kadèngè teu poegoek sotèh, da tjeuk dèwèk mah oeni, kapan èta tèh Kinanti lagoena. Geura kijeu ari saetjana mah, koe dèwèk rèk ditembangkeun:

„Keur waktoe pakantji Moeloed,
koering djeung Hoesèn aroelin,
di saoeng pipireun imah,
patinggoeran njieun soeling.
Hoesèn anoe mapatahan
soelingna tah ijeu, geuning!"

„Euh! èta tèh Kinanti, koetan!" tjeuk Hoesèn, „bener atoeh ari kitoe mah, ngan handjakal ari koe sîlaing mah ngan toewat-tèjot baè, henteu poegoeh alang-oedjoerna."

„Ah, da tjeuk dèwèk mah poegoeh pisan, euj!" omong Roesdi. „Keun laoen-laoen ogè meureun bisa nja, 'Sèn?"

„Poegoeh baè, euj!" tèmbal Hoesèn, „naon" ogè ari hanteu diadjar mah tangtoe bisa, asal koedoe sabar baè diadjarna, oelah bosenan."

„Aèh-aèh! geuning geus magrib èta!" tjeuk Roesdi. „Hajoe oerang baralik, 'Sèn! Isoekan oerang diadjar njoeling deui di dijeu."

Djeung baroedak tèh baralik ka imahna, bari marawa soeling.

---

## 10. ÈBLODJI?

Salawasna Roesdi aja di sakola, Goeroena kadjida pisan asiheunana. Ari lantaranana lain sabab boedak loetjoe baè, tapi djeung kapinteranana deui leuwih ti moerid² noe sèdjèn.

Roesdi tèh ti mèmèh sakola geus pinter?

Ih, hentcu, barèto mah bijasa moerid² noe sèdjèn baè, tatjan njaho aksara saeloek-eloek atjan. Tapi koe sabab Roesdi getol djeung sagala pangadjaran dihartikeun serta dipikir, laoen-laoen timboel pangartina leuwih ti baroen.

Oenggal² boelan, dimana 'Pa Roesdi ngahatoerkeun bajaran sakola, manèhna sok naros ka Goeroena, koemaha kamadjoeanana djeung kahageuranana Roesdi.

Koe Goeroena sok ditjaritakeun ka 'Pa Roesdi, sakoemaha boektina anakna.

Ben! atoeh bapa Roesdi tèh teu kira-kira atoheunana, ngadèngè bèdja ti Goeroe, kamadjoean anakna sakitoe.

Lamoen Roesdi barangpénta, saroepaning tjotjooan, soemawonna barang noe perloe, tara pisan koe bapana dipoengpang, asal kamadjoeanana di sakola beuki tambah.

Dina hidji powè batoerna sabangkoe mawa barang modèl ka sakola. Dibawana saluwarna dina pèsak loehoer, ditoentoen sarta ditjangtjang kana lobang kantjing.

Ari hangoentoe èta barang boeleud gèpèng, kawas bènggol, makè toenoeh katja. Di djerona, sahandapeun katja diaksaraan djeung diwidjaranan. Èta djaroem anèh




pisan, bisa oesak-oesik, goelar-gilir. Roesdi kadjidi pisan kabitaeunana koe èta barang. Waktoe manèhna datang ti sakola, bèbèdja ka bapana, hajang dipangmeulikeun èta tjotjooan.

„Heeg, Oedjang!" tjeuk bapana. „Nadjan mènta naon ogè, lamoen bapa bisa meuli mah, sarta pantes dipakè koe Oedjang, koe bapa tangtoe dipangmeulikeun. Tapi èta barang noe dipikahajang koe Oedjang tèja, bapa teu njaho."

Bapana tjukoet inlodji tina pèsak, bari nanja: „Lain ijeu, noe kijeu, 'Djang, noe dipikahajang tèh?"

„Lain, bapa!“ tèmbal Roesdi, „atoeh ijeu mah koering gè njaho, lodji ngaranna.

Ari bangoenna noe dipikahojang koe koering tèja nja kijeu pisan, tapi djaroemna, ari diojagkeun, sok ngoeper bari poentar-poeter. Leuh! nja aloes, bapa!“

Omong 'Pa Roesdi: „Djang, isoekan baè boedakna noe boga èta tjotjoan, ari balik ti sakola, sina njimpang ka dijeu, bapa rèk ngilikan tjotjoanana.“

Isoekna, waktoe balik ti sakola, Roesdi bareng djeung boedak noe boga barang modèl kitoe. Datang-datang toeloej ditèmbongkeun ka bapana.

„Tèndjo, toeh djaroemna salawasna noendjoek ka beulah kalèr baè. Manèh njaho, mana ari kidoel, koelon djeung wètan?

Ijeu tèh padoman ngaranna, perloena baris djelema noe njanjabaan di leuweung, bisi kapaider teu njaho di kalèr kidoel. Tah djaroem ijeu noe noedoehkeun tèh.

Soemawonna baris noe lalajaran di laoet mah perloe kabina-bina.“

---

## 11. DJALMA KORÈT.

Bapa Roesdi boga tatangga saoerang, ngaranna aki Karim. Manèhna kasohoer ogè di lemboer èta djalma tjoekoep. Kabeungharanana beunang diseboetkeun teu aja bandingna. Koedana rajap, moendingna tiloe djoengkiring, embè djeung domba aja poeloehna, soemawonna sawah, hoema djeung kebon mah sababaraha bahoe.

Ari kahiroepanana aki Karim anoe babakoe, kadjaba ti tani, sok ngindjeum-ngindjeumkeun doewit djeung nimbangkeun parè. Saban poè raboel baè djalma noe daratang ka aki Karim, menta ditoeloengan kaboetoehna.

Ari baralik, rèbo, aja noe dibalanan doewit, parè, soe-oek djeung saljan ti èta.

Koemaha èta aki Karim tèh, kaasoep djelema bèrèhan atawa henteu?

Lamoen koe oerang dièndjo sapiwat, pogoeh naker djiga djelema bèrèhan. Tapi saenja-enjana manèhna tèh djelema koemed pisan. Lamoen aja tatanggana kasarandjang koe papait, tara pisan daèk noeloengan.

„Geuning èta ari noe merènta toeloeng sok dibèrè?"

„Dapè da ngandjoek," tembal noe ditanja.

Doewit noe diindjeum-indjeumkeun tèja, dimana dipoe-langkeun, salawasna koedoe djeung rènteuna. Ari anakna teu sabaraha, ngan oekoer saperak djadi doewa roepija baè saboelan.

Koemaha ari barang noe sèdjèn?

Èta ogè njakitoe kènèh baè, sosoek samangkok djadi doewa mangkok. Sakabèh noe diindjeumkeun, dipoelang-keunana ka aki Karim koedoe doewa kalieun asalna baè.

Ari pondèkna mah èstoe batoer-batoerna tèh diperes. Nja noe kitoe, noe diseboet lintah darat tèh, sarta adatna gorèng.

Tah kitoe sababna pang kabeungharanana beuki lila beuki madjoe baè.

Koemaha barang daharna?

Dadaharanana loemajan pisan, noe bijasa deungeun sanggoena ngan oejah, tjabè djeung lalab. Mimangka rojalna, pais peda makè poetjoek waloeh, atawa beuleum pepètèk.

Lamoen ngabedaakeun noe didahar ngan sèpat djeung beunteur, ari noe sèdjèn mah, da aja modalna, koedoe didjoewal. Paling moedjoer sok radjeun ogè meuleum lèlè.

'Moen ngala boewi, noe dirosdoen tèh noe laleutikna, ari noe gedè mah koedoe didjoewal.

Tah sakitoe kangoepètanana aki Karim tèh.

Koemaha papakèanana?

Beu, nista pisan! Papakèanana noe dipakè sapopowè lain pipantesnunana di aki Karim; badjoena kèper mani geus lodro, da tara diganti; sampingna polèng geus belèl; totopongan woeloeng, kitoe ogè geus boelè.

Papararabotan di imahna teja saroepa-roepa atjan noe bener, kabèh kalolotor djeung baletak dewi.

Lamoen manèhna gering, katjida oeĉah-udoehna djeung aralna, tina melang kana barang, sijeunneun eaweuh noe ngoerues atawa aja noe maling.

Sakali mangsa manèhna tèh gering, tapi tina sabab keur kapa ang digawè, teu dirasa kasakitna tèh. Oenggal powè manèhna madjoe baè magawè, tina koe emboeng ngoelikeun, da koedoe diboerochan. Toengtoengna geringna tèh beuki pajah, datang ka hosna hilang. Barang-barangna noe beunangna hèsè tjapè tèh ajeuna mah ditinggalkeun baè.

---

## 12. NJADAP.

Surè isoek Misnem sok miloe naheur lahang djeung indoengna di dapoer. Ari powè Ahad Roesdi ogè sok miloe noenggoeun taheuran lahang tèja, nepi ka dititisna, da ngahèroan koekoeroed goela baneut.

Roesdi mindeng pisan nanja ka indoengna, koemaha ari ngala lahang. Koe indoengna sok diterangkeun sakanjaho-njahona. „Tapi lamoen hajang terang pisan mah leuwih hadè nanja ka toekang njadapna baè," tjeuk emana. „Geura engkè, ari datang, koe silaing tanja."

„Tuch geuning datang 'Pa Hamdan mawa lahang!" tjeuk Misnem.

Sanggeus 'Pa Hamdan ngitjikeun lahang kana katèl, gèk

koe Koesdi diadjak djoek gigireun hawoe bari disoegoehan boeboej sampeu beunang ngintjaan koe peueut hanoet.



Bari ngopi, pok Koesdi nanjakeun, mimiti-mimitina hab njadap tèa.

„Naha, Oedjang tèh rèk diadjar njadap?" tjeuk 'Pa Hamdan.

„Soegan pareng engkè, ari geus gedè!" tembal Koesdi. „Ajeuna koering pereloe njaho atoeran-atoeranana, da di sakola rèk dipariksa koe Goeroe. Lamoen koering teu bisa njaritakeun, meureun diseboet boedak laja kanjaho. Na' koemaha atuh, 'mang?"

„Euh! kitoe, 'Djang?" omong 'Pa Hamdan. „Geura pèk regepkeun, kieu mimitina:

Mèmèh njadap, oerang geus sadija; sigaj, lodong, poeosan, èrètan, soesoewoenna pèso panjadapan mah noe seukeut. Geus kitoe, pèk ngilikan leungeun kawoengna noe tjoemal.

Tjirina leungeun kawoeng noe kitoe, mana? noe kembangna digembrong koe njiroewan, tah èta.

Kalokop djeung indjoek, noe deukeut kana pochoe éta leungeun kawoeng, koedoe dibersihan heula. Sanggeus dibersihan koedoe ditinggoer. Sanggeus ditinggoer toeloej kembangna diajoen-ajoen. Soepaja réja tjaina, waktoena kembang kawoeng diajoen-ajoen, sok aja ogé noe maké djangdjawokan, kijeu pokpokanana:

Joen ngalér,
njijoek ka sagara kalér.
Joen ngidoel,
njijoek ka sagara kidoel.

Ieu djangdjawokan dikawihkeun sababaraha kali.

Sanggeus diajoen-ajoen djeung ditinggoer beunteut sawatara powé toeloej dipapas. Dina sakali-kalina ngadéan, tjongo leungeunna dikeureutan saeutik-saeutik.

Lamoen nandékeun lodong isoek², pasosoré ditjokot, lodongna diganti koe lodong sédjén, tjokoteun isoekan. Kitoe baé saterasna tur leungeunna ditoengtoet dikeureutan saeutik², soepaja lijang-lijang lahang téja oelah mepetan."

„Kaharti, 'Djang?" omong 'Pa Hamdan.

„Ngarti, 'mang!" témbal Roesdi, „keun baé poho deui mah, rék nanja deui baé ka emang."

„Heug atoeh, 'Djang, ari geus ngarti mah, emang rék njadap, bisi beurang teuing."

Roesdi pék ngésér deui sisina kana deukeut piring sampeu djeung peuteuj, noeloejkeun hantjana, bisi direboet koe Misnem.